



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN 10 MILYON DOLA KI DISPONIB POU SIPÒTE PREMYE SWEN SANTE MANTAL POU JÈN AK ADOLESAN YO

*Inisyativ kle nan tout eta a pou sètifye pwogram Premye Swen Sante Mantal pou
Jèn ak Adolèsan yo*

*Premye Swen Sante Mantal ansenye jèn Nouyòkè yo kijan pou ede ak sipòte
moun k ap sibi yon kriz sante mantal oswa itilizasyon sibstans*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke gen 10 milyon dola nan finansman Eta a ki disponib pou ofri yon [pwogram Premye Swen Sante Mantal pou Jèn ak Adolèsan yo nan tout eta a](#). Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a pral administrè finansman an pou devlope yon pwogram fòmasyon ak sètifikasyon ki ede Nouyòkè yo idantifye, konprann epi reponn a siy maladi mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans lakay jèn moun ki ka petèt ap fè fas ak yon kriz.

"Jèn Nouyòkè yo ap fè fas ak defi sante mantal san parèy, epi nou dwe pran mezi pou sipòte yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwogram fòmasyon nan tout eta a pral pèmèt pwofesè yo, moun k ap bay swen yo ak adolèsan yo rekonèt epi ede moun ki nan bezwen yo – sa k ap amelyore sante yo ak sante moun ki bò kote yo."

OMH ap bay 10 milyon dola sou senkan pou yon òganizasyon san bi likratif pou kreye oswa elaji pwogram fòmasyon ak sètifikasyon Premye Swen Sante Mantal Jèn yo ak Premye Swen Sante Mantal Adolèsan yo. Gouvènè Hochul te garanti finansman sa a nan Bidjè yo te Adopte pou Ane Fiskal 2025 la epi li te etabli plan pou [elaji inisyativ la davantaj](#) nan Diskou Eta Leta 2025 li a, ki te mande pou yon pwogram Premye Swen Sante Mantal Adolèsan nan tout eta a nan nivo lekòl segondè pou mennen yon chanjman kilti jenerasyonèl

Fòmasyon Premye Swen Sante Mantal Jèn yo fèt pou paran yo, manm fanmi yo, moun k ap bay swen yo, pwofesè yo, anplwaye lekòl yo, kanmarad yo, vwazen yo, travayè sante ak sèvis imen yo, ak lòt moun. Pwogram nan fòme yo sou fason pou yo ede jèn ki gen laj ant 12 ak 18 an ki gen yon pwoblèm sante mantal oswa adiksyon oswa ki nan kriz.

Fòmasyon Premye Swen Sante Mantal Adolesan an fèt pou jèn ki gen laj 15 ak 18 an pou yo ka idantifye, konprann, epi reponn ak siy sante mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans lakay zanmi yo ak kamarad yo. Fòmasyon an bay konpetans pou rekonèt siy ak sentòm komen sante mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans; enpak entimidasyon ak vyolans lekòl sou sante mantal; kijan pou gen konvèsasyon ki gen enpak ak kamarad klas yo sou pwoblèm sante mantal oswa pou chèche èd nan men yon adilt; sipò fòmèl ak enfòmèl, ak swen pèsònèl.

Investisman anvan eta yo te bay plis pase 2,000 adilt ki te resevwa fòmasyon nan Premye Swen Sante Mantal pou Jèn yo. Menm jan an tou, apeprè 5,000 jèn te resevwa fòmasyon nan Premye Swen Sante Mantal pou Adolesan akòz finansman Eta a.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare, "Jèn yo ap fè eksperyans anpil presyon inik jodi a epi li vin de pli zan pli enpòtan pou yo konprann ki jan defi sa yo afekte tèt yo ak kamarad yo. Nan elaji fòmasyon Premye Swen Sante Mantal pou Jèn ak Adolesan yo, nou ekipe plis pwofesè, moun k ap bay swen, ak jèn yo menm ak zouti yo ka itilize pou ede rekonèt siy yon kriz sante konpòtmantal epi reponn yon fason efikas. Premye Swen Sante Mantal pou Adolesan pale ak kamarad adolesan yo sou pwoblèm sante mantal. Finansman sa a mete aksan sou angajman total Gouvènè Hochul pou abòde pwoblèm sante mantal k ap grandi nan mitan jèn yo nan Eta Nouyòk."

Gouvènè Hochul rete fèm nan angajman li pou pwoteje sante mantal timoun ak adolesan, li te adopte lejislasyon ki pi enpòtan nan peyi a pou adrese sekirite sou entènèt ak enpak danjere medya sosyal yo. Nan kòmansman ane sa a [sic], li te siyen [Lwa Sispann Eksplwatasyon Piblikasyon Adiktif \(Stop Addictive Feeds Exploitation, SAFE\) pou Timoun yo](#) pou mete restriksyon sou eleman rezo sosyal adiktif yo ak [Lwa Pwoteksyon Done Timoun New York \(New York Child Data Protection Act\)](#) pou mete restriksyon sou koleksyon done pèsònèl minè yo sou sit entènèt yo.

Gouvènè Hochul te etabli tou Konsèy Konsiltatif pou Sante Mantal Jèn yo, yon konsèy konsiltatif ki gen 30 manm ki gen ladann jèn ki gen laj ant 11 ak 17 an. Konsèy konsiltatif la reyini chak trimès epi li fèt pou asire ke pi bon pratik ki enfòmè jèn yo kontinye enkòpore nan devlopman pwogram ak politik sante konpòtmantal yo.

Kòm yon pati nan inisyativ sante mantal 1 milya dola li a, Gouvènè Hochul te elaji siyifikativman aksè ak swen sante mantal ak resous pou jèn yo ak fanmi yo – investisman ki te ogmante ankò nan Bidjè Anèks Fiskal 2025 la. Investisman sa yo gen ladan [20 milyon dola nan finansman demaraj ak yon pwosesis aplikasyon kontinyèl](#) pou klinik sante mantal ki nan lekòl yo; epi bay 9.6 milyon dola pou ajoute 12 nouvo Tretman Kominotè Asètiv pou Jèn yo pou asire resous ak sipò yo disponib pou plis fanmi.

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen bat bravo pou efò Gouvènè Hochul ap fè pou abòde gwo enpak negatif itilizasyon telefòn selilè nan lekòl nou yo ak sou elèv nou yo. Nou te wè yon lyen ki demontre ant itilizasyon telefòn selilè ak yon bès nan sante mantal elèv yo ak siksè akademik akòz distraksyon ak diminisyon kapasite pou yo konsantre, diminisyon entèraksyon sosyal, ak estrès emosyonèl. Mwen apresye tou konpreyansyon Gouvènè a ke plan sa a pral egzije resous adisyonèl pou aplike. Mwen pa ka tann pou m travay ansanm ak Gouvènè a ak kolèg mwen yo pou m asire distri yo gen fleksibilite pou yo kapab aplike plan sa a nan yon fason ki pi bon pou elèv yo, anplwaye yo ak kominote yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)